

Poukisa m ta dwe chache sèvis?

- Agresyon seksyèl lage yon timoun nan anpil konfizyon. Li itil pou w jwenn sipò ak èd pou ede w konprann agresyon an ak reyaksyon ki mache ak sa.
- Li itil pou timoun nan ak paran an chita ansanm avèk yon pwofesyonèl kalifye epi pale sou sak pase a, pou garanti timoun nan konprann epi li santi l an sekirite pou l pale konsènan sa li santi.



- Timoun kapab blame tèt yo oswa yo kapab kenbe nan tèt yo panse oswa kwayans ki pa rezonab konsènan agresyon an ki merite korije.
- Paran yo kapab pwofite anpil lè yo pale ak yon pwofesyonèl ki kapab ede yo fè fas ak soufrans yo vin genyen lè yo aprann pitit yo viktim yon agresyon seksyèl.

Remèsiman: Pwojè sa a te jwenn sipò nan men Biwo Massachusetts pou Asistans pou Viktim yo atravè yon sibvansyon Lwa sou Viktim Zak Kriminèl 1984 (Victims of Crime Act of 1984, VOCA) ki soti nan Biwo pou Viktim Krim, Biwo Pwogram Jistis yo, Depatman Jistis Etazini (U.S. Department of Justice).

Defansè Dwa Timoun nan Norfolk (Norfolk Advocates for Children, NAC) se yon pwogram Biwo Avoka Distri Norfolk la (Norfolk District Attorney's Office), ki an patenarya avèk NAC, yon 501(c)(3).

Sèvis yo bay nan Biwo Defansè Dwa Timoun nan Norfolk yo gratis.

Referans

Tanpri egzamine lis referans Kowòdonatè Sante Mantal la bay yo pou ou menm ak fanmi w. Tanpri kontakte founisè sa yo dirèkteman pou pale sou enfòmasyon espesyal ki konsène asirans ak lè randevou. Lis atant yo kapab long e sa ka ede w si w di se Defansè Dwa Timoun nan Norfolk ki refere w.

Si w ap bay tèt ou pwoblèm konsènan pitit ou oswa fanmi ou ki ap fè fas ak yon kriz, ou kapab kontakte ekip ijans kriz nan zòn ou an:

Ekip Sèvis Ijans nan Boston (Emergency Services Team, B.E.S.T.)

800-981-4357 (Disponib 24 sou 24) | Boston, Brookline

Riverside Community Care | 800-529-5077

(Disponib 24 sou 24) | Canton, Dedham, Dover, Foxboro, Medfield, Millis, Needham, Norfolk, Norwood, Plainville, Sharon, Walpole Wellesley, Westwood, Wrentham

Aspire Health Alliance | 800-528-4890

(Disponib 24 sou 24) | Braintree, Cohasset, Milton, Quincy, Randolph, Weymouth

CCBC Behavioral Healthcare Solutions | 508-580-0801

(Disponib 24 sou 24) | Avon, Holbrook, Stoughton

Riverside Community Care | 800-294-4665

(Disponib 24 sou 24) Bellingham, Franklin, Medway

Ekip Sèvis Ijans nan Norton (Norton Emergency Services Team) | 508-285-9400 (Disponib 24 sou 24)

Attleboro, Taunton

Si ou bezwen plis asistans, tanpri kontakte yon Kowòdonatè Sante Mantal nan Biwo Defansè Dwa Timoun nan Norfolk: 508-543-0500

www.norfolkadvocatesforchildren.com

Pran swen pitit ou ak tèt ou



Defansè Dwa Timoun nan Norfolk



508.543.0500

12 Payson Road | Foxborough, MA 02035

www.norfolkadvocatesforchildren.com

Yo te fè tiliv sa a pou ba w enfòmasyon sou pi fason pou pran swen pitit ou ak tèl ou apre enfòmasyon konsènan agresyon seksyèl sou pitit ou te devwale.

Laj ak nivo matirite timoun ki viktim agresyon yo kapab enfluyanse siy timoun sa yo demontre. Lòt faktè kapab enfluyanse siy yo, tankou:

- Chanjman nan konpòtman sanzatann (Fache plis oswa fè plis kòlè)
- Difikilte pou dòmi ak/oswa kochma
- Enkyetid anrapò ak separasyon ki ogmante
- Enkontinans
- Retounen nan nivo devlopman anvan yo
- Konpòtman seksyèl konplike
- Difikilte pou konsantre
- Sentom fizik ki toujou ap fè ale vini, tankou tèl fè mal ak vant fè mal
- Chanjman ki fèt kote moun nan te timid e rezève pou l vin agresif yon fason ki pa nòmal.
- Konpòtman danjere ki ogmante (jèn ki pran risk)
- Gwo laperèz espesifik ki fenk parèt
- Sote oswa pantan akòz kèk son pi plis pase anvan.

Kijan mwen ka ede pitit mwen? *

Pi bon bagay k ap montre pitit ou a ap reprann li se sipò nan men paran/pwofesyonèl swen ak patisipasyon li nan sèvis konsèyè.

- Kwè pitit ou, epi fè pitit ou a konnen se pa li menm ki responsab sa ki te rive a. Fè lwanj pou li paske li brav e paske li pale sou agresyon an.
- Pwoteje pitit ou kont moun ou panse ki ka fè agresyon.
- Reprann aktivite pitit ou a konn fè chak jou yo.
- Anseye pitit ou ki touche ki bon ak touche ki pa bon epi kisa li kapab fè si yon moun mete l malalèz.
- Anplis de swen medikal l ap jwenn, mennen pitit ou al wè yon konseye.
- Bay pitit ou asirans ou renmen l epi w aksepte l. Pa fè pwomès ou p ap ka respekte (pa egzanp lè w di ou p ap di pèsonn anyen sou agresyon an), men di pitit ou a w ap fè tout sa w kapab pou w pwoteje l kont danje.
- Di pitit ou a kisa ki pral rive annapre, espesyalman enfòmasyon ki gen rapò ak aksyon lajistis yo.

* Rezo nasyonal Strès Twomatizan kay Timoun (The National Child Traumatic Stress Network),

“Kisa pou fè si pitit ou revele yon agresyon seksyèl”, Avril 2009.

Kijan pou m pran swen tèl mwen?

Sonje agresyon gen efè sou ou ak sou pitit ou epi menm jan li enpòtan pou w ede e sipòte pitit ou, se konsa tou li enpòtan pou w jwenn èd pou tèl ou.

- Mande èd, sipò, ak bon konprann. Chache okazyon pou w pale epi rete an kontak ak fanmi w ak zanmi w.
- Ale kay yon konseye.
- Se pou w onèt anrapò ak santiman w yo ak fason w aji. Pataje yo ak yon moun ou fè konfyans ou yon gwoup.
- Reprann aktivite ou fè chak jou yo.
- Eseye manje regilyèman. Sonje sik ak kafeyin kapab ogmante nivo strès ou.
- Fè egzèsis kapab ede w diminye strès ak enkyetid. Eseye mete l nan jounen ou, mete pitit ou ladan tou epi eseye fè l amizan.
- Sèvi ak metòd ki te ede w anvan sa rilaks ou (teknik fòmèl pou moun rilaks, tandè mizik, fè lekti, jwe ak bèt nan kay la oswa jwe ak pitit ou yo)

